# M. NIZANOVTIŃ LEKSIKALIQ BIRLIKLERDI QOLLANIWDA POETIKALIQ INDIVIDUALLIǴI

**Badaxshanova Anar**
**Qaraqalpaq mámleketlik universiteti erkin izleniwshisi**
**abadaxshanova @-gmail.com**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.19353163**

*Maqalada belgili satirik, prozaik, shayır, dramaturg hám kinoscenarist, «Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı» Muratbay Nızanovtıń ómiri, dóretiwshilik jolı hám shıǵ'armalarınıń izertleniw jaǵdayı haqqında sóz etilgen.*

Muratbay Nızanov – belgili satirik, prozaik hám shayır, dramaturg hám kinoscenarist. Qaraqalpaqstan mámleketlik Berdaq atındaǵı sıylıǵınıń laureatı, «Doslıq» ordeniniń iyesi, 1991-jıldan Jazıwshılar awqamınıń aǵzası. Ol 1951-jılı Kegeyli rayonında tuwılǵan. Onıń ómiri hám dóretiwshilik jolı baspasóz hám kitap baspası, televidenie hám kino mádeniyatı menen tıǵız baylanıslı. Bunı biz rayonlıq gazetada, "Jetkinshek", "Sovet Qaraqalpaqstanı" (házirgi "Erkin Qaraqalpaqstan") gazetalarında ádebiy xızmetker, Qaraqalpaqstan televideniesi hám radioesittiriw komitetinde aǵa redaktor, bas redaktor, televidenie boyınsha baslıqtıń orınbasarı, «Aral» jurnalınıń bas redaktorı, "Qaraqalpaqstan" baspasınıń direktorı, "Qaraqalpaqfilm"niń direktorı bolıp islegen jıllarınan jaqsı bilemiz.

Muratbay Nızanov dóretiwshilik jolın qosıq jazıwdan baslaǵan. Satira janrına ótiwine áskeriy xızmette júrgen dáwirlerde ataqlı túrk jazıwshısı Aziz Nesinniń «Musht ketti» degen kitabınıń tosattan qolına túsip qalıwı birden-bir sebep bolǵanlıǵın jazıwshı, shayır hám jurnalist Bazarbay Seytaev penen sáwbetlesiwinde atap ótedi. Jazıwshınıń «Qassaptıń túsi» dep atalǵan tuńǵısh satiralıq gúrrińi Kegeyli rayonlıq gazetasında 1971-jılı basılıp shıǵadı.

Onıń búginge shekem bir neshe kitapları baspadan shıqtı. Satira janrın tereńnen meńgerip alǵan jazıwshınıń «Usınday da boladı», «Kúlkim keledi», «Nıshana», «Sizge bolmaydı», «Adam kúldirgeni ushın», «Jat jurttaǵı jeti kún», «Irasın aytsań uradı», «Adam jamanlasań zeyniń ashıladı», «Eki qanxor», «Ǵáziyne», «Jaqında qızıq boladı», «Aqshagúl», «Aqıret uyqısı», «Dushpan», «Ashıq bolmaǵan kim bar» sıyaqlı gúrrińler, povestler, romanları basılıp shıǵadı. Jazıwshınıń qáleminen dóretilgen satiralıq gúrrińlerinde kúndelikli turmısımızda jiyi ushırasatuǵın unamsız hám kúlkili hádiyseler qızıqlı súwretlenedi.

Muratbay Nızanov poeziya janrında da qálemin sınap kórip 2012-jılı «Sen hám men» atlı qosıqlar toplamın bastırıp shıǵardı. 1980-jıllardan baslap onıń dóretpeleri tuwısqan tillerde, ayrıqsha, ózbek, qazaq, tatar, noǵay tillerinde basılıp shıqtı. Sonday-aq, onıń «Eki dúnyanıń áweresi», «Ólimnen uyat kúshli» komediyaları menen «Ziywar» muzikalı draması saxnada qoyıldı.

Muratbay Nızanov 2003-2013-jıllarda qaraqalpaq kinosına basshılıq etken waqtında, 10 jıl ishinde 8 kórkem film, 10 balalar ushın yumorlıq jurnal, tórt animaciyalıq film hám bir qatar hújjetli filmler jaratılǵan. Ózbekstan televideniesi arqalı berilgen yumorlıq videofilmleri hám teleminiatyuraları, Ózbekstan radiosı arqalı esittirilgen satiralıq gúrrińleri, jurnaldaǵı miniatyuraları onı mámleketimiz boylap keń tanıttı. «Ózbekfilm» hám «Qaraqalpaqfilm» kinostudiyaları tárepinen 2002-jılı kinoscenarist Muratbay Nizanov avtorlıǵında «Tanka» komediyası súwretke alınǵan..«Tanka» Muratbay Nızanov qálemine tiyisli birden-bir film emes. Ol sońǵı jılları kinoscenarist jazıwshı sıpatında «Urı», «Kurort», «Qaysar», «Mehrigiya-

márgiya», «Qorǵan» sıyaqlı kinofilmleri menen keń jámiyetshilikke tanıldı. Bul filmler tamashagóylerdiń jaqsı kórip tamashalaytuǵın filmine aylanǵan.

Muratbay Nızanov usınday pidayı xızmetleri ushın 1999-jılı «Doslıq» ordeni menen sıylıqlansa, 2012-jılı «Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı» húrmetli ataǵına miyasar boldı. Sonday-aq «Ózbekstan Respublikasına xızmet kórsetken mádeniyat xızmetkeri» húrmetli ataǵına ılayıq dep tabıldı.

M.Nızanov tárepinen dóretilgen shıǵarmalar kórkemlik qunlılıǵı júdá joqarı hám kitap oqıwshıları tárepinen súyip oqılatuǵınlıǵına qaramastan, onıń shıǵarmaları tillik aspektte ele tolıq izertlenilmedi, biraq bul boyınsha bir qansha ádebiyat kóz-qarasınan miynetler jazıldı. Jazıwshınıń shıǵarmaları boyınsha gazeta hám jurnal betlerinde maqalalar shıǵarıp, oqıwshı qáwimi dodaladı. Máselen, «Isenimge aylanǵan nadanlıq» atlı maqala akademik J.Bazarbaev hám A.Pazılov tárepinen gazeta betlerinde járiyalandı.[1] Bul maqalada M.Nızanovtıń «Dushpan» romanı ádebiy talqıǵa alınadı.

Sh.Usnatdinov «Atlan-shapta júrgen Aqshagúlleri»[2] degen maqalasında «Aqshagúl» povesti haqqında pikirlerin bildiredi.

Belgili jurnalist hám jámiyetlik ǵayratker Sh.Usnatdinov M.Nızanovtıń dóretiwshiligi haqqında maqalalar járiyaladı. «Atlıǵa jetkermes piyada» (jazıwshı M.Nızanovtıń ádebiy portretine eskizler)» hám «Óz zamanın tereń uǵınǵan" (jazıwshı, kinodramaturg M.Nızanovtıń 60 jıllıǵına toyxat ornına) atlı maqalalarda onıń shıǵarmaları haqqında óz pikirlerin bayanlaǵan[3]. Dáslepki maqalada jazıwshınıń ádebiy portretine eskizler berilgen. M.Nızanovtıń tez waqıt ishinde bir neshe shıǵarmalar dóretip atırǵanın baqlay otırıp, avtor bılay jazadı: «Men hár sapar Muratbaydıń jańa shıǵarmasın kórsem yaki oqısam usı gáp yadıma túsedi. Haqıyqatında da onıń qáleminiń júyrikligi sol «atlıǵa jetkermes piyada» ǵa megzeydi".

M.Nızanovtıń shıǵarmalarına kóbirek bahanı docent A.Pazılovtıń jazǵan maqalalarınan kóriwge boladı[4]. «Diywananıń sońǵı tilegi» atlı maqalada «Tańlamalı shıǵarmaları» nıń VIII tomında jáiyalanǵan «Sońǵı tilek» romanına pikir bildiredi. Shıǵarmanıń jaslarǵa tárbiyalıq áhmiyetiniń bar ekenligin, watan gedayısı bolmawǵa, diywanashılıq joldı tutpawǵa shaqıratuǵının atap ótedi.

Ilimpaz Z.Bekbergenovanıń maqalası M.Nızanovtıń «Dushpan» romanındaǵı qaharman obrazın ashıwda dialogtıń kórkemlik obrazın ashıw máselesine arnalǵan. «Dialogtıń utımlı qollanılıwı, shıǵarmanıń negizgi oyınıń dialog arqalı ashılıwı M. Nızanov stilinde jiyi ushırasadı. Bunı biz tallap ótken romannıń hár bir bóliminde qollanılǵan dialoglardıń mısalında, avtordıń dialoglardıń járdeminde qaharman obrazın ashıw sheberliginde kórip otıramız. Yaǵnıy, avtor personajlardıń óz sózleri, replikaları arqalı

[1] Базарбаев Ж., Пазылов А. Ашықлық ҳәм айралық психологиясы. //«Еркин Қарақалпақстан» 30-декабрь 2014. 156-сан (19618)

[2] Уснатдинов Ш. Көргенлерим ҳәм кеўилдегилерим. //«Қарақалпақстан», 2009.

[3] Уснатдинов Ш. Атлыға жеткермес пияда. // «Еркин Қарақалпақстан» 2009, №152; Өз заманын терең уғынған. (жазыўшы, кинодраматург М.Нызановтың 60 жыллығына тойхат орнына) // «Еркин Каракалпақстан» 20-октябрь 2011-ж.

[4] Пазылов А. Дийўананың соңғы тилеги. // «Қарақалпақстан жаслары», 19-февраль 2019 №7 (8023); Тарийхый шынлық ҳаққында роман. // «Қарақалпақ әдебияты» газ. Декабрь. 2016. № 12 (72).

dialoglardı shıǵarmanıń ideyasın ashıwda da utımlı usıl retinde qollanadı» - dep juwmaq jasaydı avtor[5].

Filologiya ilimleriniń doktorı Q. Yuldashev onıń dóretiwshiligine joqarı baha berip, bılay jazadı: «Jazıwshı óz eliniń úrp-ádetlerin, turmıs tárizin, pikirlew qábiletlerin hám psixologiyasın jaqsı biledi. Sol sebepli, onıń shıǵarmalarında qaraqalpaqlardıń jarqın obrazı ayqın kózge taslanadı»[6].

Jazıwshınıń sońǵı jılları baspadan shıqqan «Qaraqalpaqlar» atlı roman-essesiniń jazılıw tariyxı boyınsha filologiya ilimleriniń doktorı, professor Q. Orazımbetov sáwbetlesken hám bul baspadan shıqqan edi[7]. «Kitapqa roman-esse dep anıqlama berilgen. Durısın aytqanda, bunday «qospa janrlar» yamasa «janrlar kesispesindegi janrlar» jazıwshıdan bay tájiriybeni, úlken sheberlikti talap etedi. Óytkeni, hárqıylı eki janrdıń kesispesindegi shıǵarma dóretiw ushın júdá kóp izleniw kerek. ...Ádebiy processte shayır-jazıwshılardıń kórkem shıǵarma dóretiwde jańashıllıqqa umtılısları, dúnya ádebiyatı tájiriybelerin úyreniwi nátiyjesinde «janrlar kesispesindegi janrlar»dı payda etpekte»[8] , – dep joqarı baha beredi.

Jazıwshı M.Nızanov shıǵarmaları qaraqalpaq ádebiyatında óz ornına iye, sonlıqtan ádebiyattanıw ilimi baǵdarında bir qansha dárejede ilimiy pikirler bar.

Lekin til ilimi baǵdarında onıń shıǵarmalarındaǵı frazeologizmlerdiń stillik ózgeshelikleri boyınsha ayırım pikirler járiyalanǵanı menen[9] onıń shıǵarmalarınıń lingvopoetikası usı waqıtqa shekem arnawlı túrde izertlenbegen. Ilimpaz A.Q. Pirniyazovanıń monografiyasında frazeologizmlerdiń avtorlıq ózgerisler menen qollanılıwınıń bir neshe túrleri úyreniledi. Basqa da jazıwshılar menen qatar M.Nızanovtıń shıǵarmalarında frazeologizmlerdiń bir neshe stillik maqsette qollanılǵanı atap ótiledi.[10]

Qaraqalpaq til biliminde jazıwshılardıń shıǵarmalarında paydalanǵan frazeologizmler boyınsha túsindirme sózlik birinshi tájiriybe M.Nızanov shıǵarmaları tiykarında islenip, baspadan shıqtı[11].Sózlik jazıwshı tárepinen shıǵarmalarda paydalanǵan frazeologizmlerdi qollanıw sheberligin, kontekstte máni beriw ózgesheliklerin anıqlaw maqsetinde dúzilgen. Frazeologizmler kórkem shıǵarma tilin janlandırıp, astarlap, jazıwshınıń pikirin súwretlep beriwdegi tildiń tayar quralı. Sózlikte berilgen mısallar arqalı jazıwshınıń jeke sheberligi anıqlanadı.

Biz tárepinen jazılǵan magistrlik disertaciyada M.Nızanov shıǵarmalarında qollanılǵan frazeologizmlerdiń leksika-semantikalıq ózgeshelikleri, jazıwshınıń frazeologiyalıq sinonimlerdi hám frazeologiyalıq variantlardı qollanıw sheberligi, ulıwma jazıwshınıń

[5] Бекбергенова З. Муратбай Нызановтың «Душпан» романында қаҳарман образын ашыўда диалогтың көркемлик хызмети. // Әмиўдәпья журналы. №3, 2012, 107-110-б.
[6] Юлдашев Қ. Еки халықтың ардағындағы жазыўшы - / Нызанов М. Таңламалы шығармалары. VII том. Нөкис: ”JETI ÍQLÍM», 2024. – 3-б.
[7] Оразымбетов Қ., Нызанов М. Қарақалпақлар ҳаққында сөз.- Нөкис: «Билим», 2020.
[8] Оразымбетов Қ., Нызанов М. Қарақалпақлар ҳаққында сөз.- Нөкис: «Билим», 2020 – 54-б.
[9] Пирниязова А.Қ. Қарақалпақ тили фразеологиялық системасы ҳәм оның стилистикалық имканиятлары. Нөкис: Qaraqalpaqstan, 2020.

[10] Пирниязова А.Қ. Қарақалпақ тили фразеологиялық системасы ҳәм оның стилистикалық имканиятлары. Нөкис: Qaraqalpaqstan, 2020. 119-160-б.
[11] Pirniyazova A.Q., Sársenbaev Q. M.Nızanov shıǵarmalarınıń frazeologizmler sózligi. Nókis: NMPI baspaxanası, 2019.

frazeologizmlerdi qollanıwdağı sheberligi máseleleri izertlengen[12]. M.Nızanovtıń shıǵarmalarında frazeologizmlerdiń qurılısı hám semantikalıq birigiwshiligi boyınsha túrleriniń qollanıw sheberligi máselesi, jazıwshınıń shıǵarmalarında qollanılǵan frazeologizmlerdiń variantlılıq, sinonimiya, transformaciya máseleleri sóz etilgen.

M.Nızanov tárepinen dóretilgen shıǵarmalar kórkemlik qunlılıǵı júdá joqarı hám kitap oqıwshıları tárepinen súyip oqılatuǵınlıǵına qaramastan, onıń shıǵarmaları tillik aspektte ele tolıq izertlenilmedi.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Нызанов М. Таңламалы шығармалары. VII том. Нөкис: ”JETI ÍQLÍM», 2024.
2. Оразымбетов Қ., Нызанов М. Қарақалпақлар ҳаққында сөз.- Нөкис: «Билим», 2020.
3. Pirniyazova A.Q., Sársenbaev Q. M.Nızanov shıǵarmalarınıń frazeologizmler sózligi. Nókis: NMPI baspaxanası, 2019.

[12] Badaxshanova A. M. Ni’zanov shi’g’armalari’nda frazeologizmlerdin’ qollani’li’w o’zgeshelikleri. Nókis, 2014. – .